

**ЦАРД ÆРЦÆУН КУД ЗОНУЙ, УОТÆ Æ КЪИЛДУН ФЕЗДАХУНМÆ ДÆР АРÆХСУЙ!..**

***Иван ИЛЬИН (1883-1954), философ: «Алли адæмæн дæр ес æхе национ рахаст, лæвæрд ин æй æрдзæй (уæдта, ке зæгъун æй гъæуй, Хуцауæй) никки ба ма ин Исфæлдесæг бахай кодта Уодварни хæзнатæ. Æма алли адæмæн дæр æ рахаст æма æ фарнæ сæхе æвдесунцæ хердигонау. Уотæ исирæзуй алæмæти хуæдхузæ цардиуагæ...»***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№4 (1021) 2026 анзи 7 февраль – комахсæни мæйæ

Аргъ 1 туман

**ЕУНÆГ ÆНЦОН ФЕСАФÆН ÆЙ, ФАЛ ЕУЗÆРДИУОН ДЗИЛЛÆН БА ТУХÆГÆНÆГ ТУХÆ НÆ ЕРУЙ!..**

# НÆ ЕУДЗИЙНАДИ ФАРНÆ – НÆ КÆСТÆРТИ НИВÆН!..



**Нæ фидтæлтæмæ хъæбæр бæрзонд цæстиварди адтæй хæлардзийнадæ. Сæ зæрдихатт уæхæн адтæй, æма сæмæ æгириддæр дессаг нæ кастæй, зæгъæн, дууæ адæймаги фæйнæхузон адæмихæттитæй уогæй, кæрæдземæ хеуони цæстингасæй ке кастæнцæ, е. Æууæндтæнцæ кæрæдзебæл дууæ æнсувæрей хузæн, æма ахид разæгъиуонцæ кæнгæ æнсувæртæ-æрдхуæрдтæ.**

**Аллихузон адæмихæттитæмæ сæ цитгиндæр æгъдæуттæй еу æй сæ кæрæдзей æхсæн хæларзæрдæ рахастдзийнæдтæ, уомæн æма ’й лæдæрдтæнцæ, сæ еудзийнади фæрци син сæ цардиуаги хабæрттæ аразун барæуадзæдæрæй æнтæстдзæнæй.**

**Уой бæлвурдæй æности дæргъи сæхе цардарæзти бавзурстонцæ нæ бæсти æмсæр-æмбарæй цæрæг адæмихæттитæ дæр – еумæйагæй ниффæразтонцæ сæ ирисхъи еугур лæгæвзарæнтæн дæр, се ’рсæттунмæ сæмæ ка багъавидæ, уонæн сæхе ниддæрæн кæнгæй, алкæддæр уæлахезон исуиуонцæ.**

**Уотæ абони дæр – знаггадæгæнгутæ нæ Фидибæсти нихмæ алли фудмиутæ ку аразунцæ, уæд нæ уæлдай хъæбæрдæр гъæуй нæ еудзийнадæ багъæуай æма никки фæттухгиндæр кæнун. Хумæтæги аци анз нимад не ’рцудæй Уæрæсей цæрæг адæмихæттити еудзийнади Анзбæл. Аци гъуддаги ахсгиагдзийнæдтæй еу е æй, цæмæй нæ ирæзгæ фæлтæртæ дæр нифсгун уонцæ нæ адæмти еудзийнади хуæрзагадæй. Уомæ гæсгæ мухур кæнæн абони Уæрæсей Федераций æскъуæлхт æма Кæсæг-Балхъари республики адæмон хузæгæнæг Хамид Савкуеви конд хузæ. Цæмæй лæдæрд уа – цæйбæрцæбæл зæрдæмæдзæугæдæрæй фæххайгин кæнæн нæ кæстæрти нæ адæмти еудзийнади фарнæй, уойбæрцæбæл зæрдæхцæуæндæр уодзæнæй сæ ирисхъæ.**

**Нæ адæмти еудзийнади туххæй мах нуриуæнгæ дæр мухур кодтан аллихузон æрмæгутæ æма сæ идарддæр дæр мухур кæндзинан. Абони ба дууæ уæхæн уаци кæсетæ 2-аг фарсбæл.**

**АРФÆ КÆНÆН!..**



## БОЗ ÆМА ДИ СÆРУСТУР АН

Нæ номдзуд æмзæнхонтæй боз æма сæрустур кæмæй ан, уонæй еу æй **Соскъити Бариси фурт Владимир** дæр.

Уæрæсей аййевæдти Академий æцæг иуонг, нури доги зингæдæр скульптортæй еу, е айдагъ Иристони æма Уæрæсей нæ, фал æнæгъæнæ дуйней дæр æй зундгонд. Æ исфæлдист скульптуритæ æвæрд æнцæ ами, нæхемæ дæр æма нæ бæсти берæ æндæр рауæнти дæр, фæсарæнти дæр. Уой туххæй æрмæгутæ фæммухур кæнæн нæ газети. Абони ба нæ дзубанди уомæ гæсгæ ’й, æма хуæрзæрæги, 14 январи Соскъити Владимирбæл исæнхæст æй фондз æма цуппаринсæй анзи. Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн, æма уой фæдбæл нæ газети абони 4-5-аг фæрстæбæл мухур кæнæн æрмæг.

**ИМИСÆН**



## ЗÆРДИАГÆЙ НИН АГЪАЗГÆНÆГ АДТÆЙ...

Нæ Фидибæсти адæмти еудзийнади туххæй дзоргæй æнæзæгъæн нæййес, уомæн дæр, æма сæ еузæрдиуон æмархайд си зингæ фæббæрæг æй алке цардарæзтбæл дæр. Уотæ Иристони дæр. Уой фæдбæл хъæбæр берæ дæнцитæ тæлмæнгонд æрцудæнцæ нæ республики анзфинсти. Сæ еугурей кой ракæнуни равгæ нин нур нæййес, уомæ гæсгæ ба æримисдзинан æндæр адæмихæттитæй нæ хуæрзгæнгутæй еу – **Михаил Осипи фурт Пантюхови.** Е адтæй нæ национ журналистики райрæзти гъуддагмæ зингæ æвæрæн ка бахаста, уонæй еу. Евгъуд æноси 30-аг æнзти е разамунд лæвардта нур «Северная Осетия» ка хуннуй, еци республикон газетæн. Гъулæггагæн, 30-аг æзнæт æнзти æвудæй æфхуæрд æрцудæй, фæстæдæр ба ’й исраст кодтонцæ.

Аци искурдиадæгин адæймаги туххæй, æвæдзи, некебал неци кæнуй. Æримисуни аккаг ба ’й æма уомæ гæсгæ абони мухур кæнæн, тугъди æма фæллойни ветеран, Цæгат Иристони АССР-и скъолай æскъуæлхт ахургæнæг Гæппуати Хъасболат кæддæр ци æрмæг бацæттæ кодта уой – æ рæстæги е М. Пантюхови хæццæ фембалдæй æма ‘й хъæбæр зæрдиагæй имиста.

Æрмæг кæсетæ 6-аг фарсбæл.

№4. 2026 анз.
7 февраль – комахсæни мæйæ
ДИГОРÆ

*Алим КЕШОКОВ (1914-2001), Кæсæг-Балхъари адæмон поэт, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр: «Хумæн аргъ кæнунцæ, цæйбæрцæ бæркад дæттуй, уомæ гæсгæ, цæугæдонæн æ цуд æма е 'рфæмæ гæсгæ, адæймагæн ба – нæ еумæйаг къæбецмæ*

# НÆ ЕУДЗИЙНАДИ ФАРНÆ – НÆ КÆСТÆРТИ НИВÆН!..

*Абони уин ци дууæ хабари ракæнуйнаг ан, етæ баст æнцæ Кæсæг-Балхъари хæццæ. Е хумæтæги нæй – аци республики хæццæ уотид синхонтæ нæ ан, фал недзамантæй ардæмæ не 'хсæн федар æнцæ зæрдхæлар рахастдзийнæдтæ. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма уоми æмбаргъонæй цæруй дигорон гъæу Озрек – фарæ ин хъæбæр цитгинæй исбæрæг кодтонцæ æ равзурди сæдæ анзей бæрæгбон.*

*Мæнæ ци хабæрттæ мухур кæнæн, уонæй еуей туххæй кæддæр газет «Рæстдзинад»-и финста Будури Дæргъæвси курухон лæгтæй еу, Дрети Тæтæри (гъулæггагæн, абони не 'хсæн нæбал æй, рохсаг уæд…) æма 'й нур мах дæр нæ бæсти цæрæг адæмти еудзийнади фæдбæл дзубандимæ гæсгæ æримистан.*

## ЗÆРДХÆЛАРÆЙ ЦÆРУН – ХУÆРЗАГАДÆ...

Мæ сабийдогæй мæ зæрдæбæл бадардтон уой, æма колхозон арæзтади размæ Будури Дæргъæвси цæргутæ ахид цудæнцæ Кæсæг-Балхъари гъæу Лескени базармæ. Мæ фидæ мæн дæр æ хæццæ хонидæ уордæмæ. Адтæн алкæддæр бæхтæрæг. Надбæл нæбæл кæсгон фестæгцæугутæ ку исæмбæлидæ, уæд сæ мæ фидæ рафæрсидæ, кумæ цотæ, зæгъгæ, æма базармæ ку зæгъиуонцæ, уæд сæ нæ уæрдуни исбадун кæнидæ.

Мах хæццæ базармæ ахид цудæнцæ нæ иннæ синхæгтæ: Фидарати Харум, Сугъарати Бицко, Бердиати Мæцихъо… Æма етæ дæр фестæгæй цæуæг базардзаути сæ уæрдунти исбадун кæниуонцæ.

Никки ма еу дæнцæ: мæ фиди хуæрæ Ненуцайæн æ къохи æнгулдзитæ фæллух æнцæ æма 'й мæ баба, æ фидæ Бибо, фæлласта Дзæуæгигъæумæ. Цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте е 'нгулдзитæ ку фæдздзæбæх æнцæ, уæд поездæй Елхоттæмæ æрцудæнцæ. Вагонæй ку рахизтæнцæ, уæд станци тургъи рауидтонцæ еу бæхуæрдун-тачанкæ. Бибо ин æ хецауи рафарста, Дæргъæвсмæ нæ фæлласдзæнæ, зæгъгæ. Кæсгон бæхтæрæг исарази æй, исласта сæ нæхемæ. Надбæл цæугæй, кæрæдзей бæлвурддæр базудтонцæ. Кæсгон адтæй Саученов Хамзат. Сæхемæ цæунбæл ку иссæй, уæд ин Бибо ласæггаг бафедуни кой ку искодта, уæд Хамзат загъта: «Деньги не надо, будем знакомы с этого дня…»

Уоййадæбæл мæ баба Бибо æма Хамзат æнсувæрти цард фæккодтонцæ. Æз дæр ма æрæййафтон сæ еци æнсувæрон рахастдзийнæдтæ. Кæрæдземæ цудæнцæ, куд хеуæнттæ, уотæ.

Дæргъæвси æма кæсгон гъæутæ Урух (Хъогъалухътæ), Старый Урух (Хатутæ) цæргутæй кæрæдзей хæццæ беретæ разагътонцæ кæнгæ æнсувæртæ.

Гъе уотæ хæларæй, кæрæдзей лæдæргæй æма нимайгæй цардæнцæ дууæ синхон адæмихаттей дзиллитæ. Æма еци уагæ нимадтонцæ сæ уодварни цитгиндæр хæзнабæл.

Рæстæгутæ цæунцæ, æма адæми цардиуаги дæр цидæр æййивддзийнæдтæ æрцæуй. Æнæ уотæ дæр нæййес. Фал, гъулæггагæн, берæ хæттити еци æййивддзийнæдтæ хуæрзгæнæг нæ разиннунцæ. Æма куд хестæр фæлтæри минæвар, уотæ мин зин æй, нæ кæстæрти 'хсæн еци хæлардзийнадæ уотæ федар æвæрд ке нæбал æй, е. Нæ фидтæлти хузæн кæрæдзей цæмæннæ нæбал уарзæн æма нимайæн?.. Гæрр, аци царди айдагъ æхцайæй уæлдай нецибал ес?!.

## НÆ АДÆМТИ ХÆЛАРДЗИЙНАДИ ÆВДЕСÆНТÆ


Къарæ ист æй редакцион архивæй..

**Аци къарæ ист æрцудæй Кæсæг-Балхъари æма Цæгат Иристони 'хсæн (Ирæфи райони 'рдигæй) ци парахат фæзæ ес, уоми советон доги дууæ республикей дзиллæ ци æрдхуарддзийнади бæрæгбæнттæ исаразтонцæ, уонæй еуей рæстæг. Ирæфи райони кадгин хестæртæ, Устур Фидибæстон тугъди архайгутæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) ХЪАИРТИ Хъудæберди, ДАМБЕГТИ Сланбег æма ОХЪАЗТИ Василий салам зæгъунцæ цитгин иуазгутæн.**

Хуарз æма уæхæн галеу зундбæл хуæст адæймæгутæ уотæ берæ нæ 'нцæ. Адæймаги рист, зиндзийнадæ ка лæдæруй, етæ фулдæр æнцæ. Уомæ гæсгæ ба мæ уой дæр ма зæгъун фæндуй, æма æцæгæй зæрдхæлар унгъон æй, æ фарсмæ ка 'й, уони уавæр, уæлдайдæр ба син сæ зин – тухст лæдæрунгъон ка 'й, еци адæймаг. Æцæгæй амондгун дæр уой исхонæн ес.

Уой туххæй æрхæсдзинан уæхæн дæнцæ. Хъæрæути æхсæнади куста Бурнæцти Хъасболат (рохсаг уæд...) Æ хæццæ базонгæ дæн, мæ кусти фæдбæл ахид æмбалдан кæрæдзей хæццæ. Æма кæд цæстæй сахъат адтæй, уæддæр цæстгиндæртæй беретæй лæгдæр адтæй. Еууæхæни Нальчикки санаторий исæмбалдан, æ биййнойнаг Дуся дæр æ хæццæ, уотемæй. Хъасболати хæццæ зæрдиагæй фæдздзубандитæ кæнианæ берæ аллихузон гъуддæгути фæдбæл. Æма мин еуæхæни ба æ биййнойнаг Дусяй туххæй уæхæн хабар ракодта.

Тугъди размæ, дан, адтан уарзæнттæ æма тугъдæй хъæрæуæй ку исæздахтæн, уæд фембалдан. Рауадæй нæмæ дзубанди, æма, æз æнгъæл куд нæ адтæн, уæхæн дзуапп мин равардта, гъома, дæ минæвæрттæ, дан, æрбарветæ. Мæнæй е нæ баруагæс æй æма 'й нæуæгæй рафарстон, æма бабæй мин федарæй загъта: «Æрбарветæ минæвæрттæ!..»

Æ хеуæнттæй кадæртæ нæ арази кодтонцæ, æма син уæд Дуся загъта: «Цæститæй æнæнез ку адтæй, уæд кæрæдзей уарзтан, æма имæ æз ку нæ бакомон, уæд е гадзирахатдзийнадæ 'й, æма уой ба æз мæ сæрмæ не 'рхæсдзæнæн…»

Гъе уотемæй сæ цард байеу кодтонцæ. Исæнтæстæй син цæуæт. Фæццардæнцæ кæрæдзей лæдæргæй. Еууæхæни ба мин уотæ радзурдта: незтæй хуарз нæййес, фал, дан, арви рохс нæ уинун ба устур бæлах æй. Æз, дан, мæ цæуæти, мæ хуарз хæстæгути, æмгæртти фæууинуни туххæй мæ дууæ къахи еу цæсти ракастбæл баййевинæ.

Хъасболати тухст куд нæ балæдæрдтайнæ. Фал уой хæццæ ба ма уотæ дæр рагъуди кодтон, куд дессаги нифсгун разиндтæй Дуся, куд зундгин дзурдтæ загъта Хъасболатæн æма ин еци дзуаппæй æ уæззау нез куд феронх кæнун кодта. Цард уæхæн адæймæгутæй федауй…

Гъе уомæ гæсгæ ба нæ кæстæртæн бафæдзæхсуйнаг дæн: æхцатæ, дзаумæуттæ, хъазар хуæдтолгитæ дæр бæргæ хуарз æнцæ, фал етæ сæйрагдæр нæ 'нцæ. Сæйрагдæр æй адæймагдзийнадæ æма кæрæдземæн аргъ кæнуни зæрдихатт. Еци хуарздзийнæдтæ уæмæ ку уонцæ, уæд царди некæд фæккеудзийнатæ.

* * *

*Иннæ хабар ба кæддæр ракодта журналист Багати Аврам (гъулæггагæн, е дæр абони не 'хсæн нæбал æй, рохсаг уæд…)*

## «ЕЦИ ХУАРЗДЗИЙНАДÆ НИН ÆНОСТÆМÆ ЦÆРÆД...»

Мæ дзæуæгигъæуккаг æрдхуæрд Джергати Геуæрги мæ еухатт æнæнгъæлти синхаг республики сæйраг сахар Нальчикки æ зонгитæмæ кизгæрвисти ку балæууун кæнидæ. Куд базудтон, уотемæй ма ин уоми, Кæсæги, фусунтæ цалдæр ес. Сæ еу – Алихан Жадов. Еци бон е æ кизгæ Иордани киндзи æрвиста æма уой фæдбæл сæрмагондæй байагурдта æ лимæн Геуæргий.

Æгъдаудæттæг хестæри фарсмæ бадтæй Алихани рацæргæ фидæ Таугъан Жадов – советон афицери æнгæс рæхснæг, æлвæст, хъæбæр хуарз дзурдта уруссагау. Айдагъ сæхуæдтæ нæ, фал ма сæ биййнонтæ дæр лимæнæй цæрунцæ, кæрæдземæ цæунцæ иуазæгуати. Зонгæ ба бацæнцæ Геуæргий цардæмбал Дзеранти Сергейи фæрци. Е рагæй дæр Нальчикки цæруй. Æ лимæн Валерий Хаминови хæццæ базонгæ кодта фиццаг æ сиахс Геуæргий. Фæстæдæр Валерийи хуæрæ Тоняй ракурдта Алихан Жадов. Уотæ зæгъæн ес, æма сæ киндзæхсæвæрæй райдæдта ирон æма кæсгон лæхъуæнтæ Геуæргий, Валерий, Алихани æма иннети лимæндзийнадæ. Иннети уомæн зæгъун, æма мæ уæд Дзергай-фурт базонгæ кодта никкидæр еума «кæсгони» хæццæ – Александр Хакиеви хæццæ. Куд фæззæгъунцæ, саги суйнæбæл амад уиндгун лæг, амалгъонкустгæнæг, æма мин æ муггаги туххæй ба уотæ балæдæрун кодта, мæ уедæгтæ, дан, Чиколайæй æнцæ. Махъоти æма Цæрикъати тог, дан, æзмæлуй мæ дадзинтти.

– Мах нæ еугурей дæр Джергати Геуæрги кæрæдзебæл нибðаста, е æй нæ æнгомгæнæг. Цал æма цал анзей дæргъи цæрæн нур лимæнæй. Кæрæдземæ цæуæн куд æцæг æнсувæртæ, уотæ. Абони дæр Геуæргийæн æ биййнонти æмбес ами 'нцæ, иннæ уæхæн æ сувæллæнтти æмхуæрифурт Дзицойти Левæ æ биййнойнаги хæццæ. Еу дзурдæй, цийни дæр æма зини дæр ан еумæ…

Еугур еци хабæрттæ мин кæнгæй, Александр еу усмæ фæссабур æй, уæдта зæрдхъурмæй бахъонц кодта:

– Цард бæргæ æнæгъæнæйдæр цийнæдзийнæдтæй арæзт ку уидæ, фал… Гъулæггагæн, абони не 'хсæн нæбал æй нæ æрдхуæрдтæй еу – Русик, Кокойти Леви æмхуæрифурт... Рохсаг уæд… Уогæ ба ци алæмæти хуарз лæхъуæн адтæй!..

Еууæхæни фингæн æгъдаудæттæг хестæр раковуни барæ равардта Джергати Геуæргийæн. Æма е æ ракувди райдайæни Хуцауæй ракурдта дууæ кæстæремæн амонд, дууæ муггагемæн ба кæрæдзей уарзун æма нимайуни фарнæ, уой фæсте ба хъæбæр зæрдæмæдзæугæ дзубандийæй загъта кæсгон адæми цитгиндзийнади туххæй, берæ цæмæйдæртæй сæ растудта, зæрдиаг арфитæ син ракодта… Æ радзубандий кæронбæттæни ба загъта:

– Еу гъуддаги мах лæгдæр ан…

Еугурæйдæр ниссабур æнцæ, се 'ргом раздахтонцæ Геуæргий æрдæмæ, мадта цума цæмæй лæгдæр æнцæ, зæгъгæ. Æма е ба еци сæрустурæй ку зæгъидæ:

– Мах уæ фулдæр уарзæн!..

Геуæргий еци загъдмæ адæм никки хъæбæрдæр баигъæлдзæг æнцæ.

Еци бон ма мæ кæсгон зонгитæбæл бафтудæй никкидæр дууæ адæймаги. Сæ еу – Мирзоев Залимгерий, сæхе республики медгъуддæгути министри хуæдæййевæгæй куста, милици болкъонæй рацудæй отставки. Раздæри фæскомцæдесон æма партион косæг, журналистики дæр æновудæй архайæг, æхсæнадон уацхæссæг. Иннæ – Валерий Ахаминов, кардиологон Центри сæйраг дохтири хуæдæййевæг экономикон фарстати фæдбæл. Сæ дууæ дæр заманай лæгтæ, æууæнкæ кæбæл ес, уæхæнттæ.

… Хъæбæр цийнæйдзаг æма зæрдæмæдзæугæ рауадæй еци киндзæхсæвæр, ци берæ дзиллæ си бамбурд æй, етæ нæуæг биййнонтæ исаразгутæн – Иорданæ Жадовайæн æма Славик Тхамитлоковæн – дессаги арфитæ кодтонцæ, нæ Исфæлдесæгбæл сæ фæдзахстонцæ, цæмæй сæ еумæйаг цард рауайа райдзаст амондæй æма берæ цæуæтæй… Æз ба ма уой дæр зæгъуйнаг дæн, æма еци киндзæхсæвæр дессаги ирдæй бавдиста дууæ синхаг адæмей æхсæн лимæндзийнадæ цæйбæрцæбæл табуйаг æй æма æ федардæр кæнунбæл нæ кæстæртæ куд æновудæй архайунцæ, уой. Æма нин еци хуарздзийнадæ æностæмæ цæрæд..

**Искурдиадæгин поэт, тæлмацгæнæг, литературон критик Хозити Ясони фурт Якови райгурдбæл 8 феврали æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1916-1938).**

*ци хæзнатæ бахаста, уомæ гæсгæ. Иристонæн еци бæрæггæнтæмæ гæсгæ ку аргъ кæнæн, уæд си «минкъий» зæгъæн нæййес, уомæн æма ирон адæм аккаг байвæрæн хæссунцæ нæ еумæйаг хæзнадонæмæ...»*






# РАЙЙЕВÆ-БАЙЙЕВИТÆ... КА СИ РÆСТМÆ, КА БА...

Нæ бæсти Президент ци Указ бафинста, уомæ гæсгæ, «Мадæ-Бæгъатæр»-и кадгин номхæссæг силгоймæгтæн фист цæуудзæнæй уæлæнхасæн социалон бафиститæ.

Уогæ социалон зæрдæдарæнтæбæл дзубанди ку цæуа, уæд «Мадæ-Бæгъатæр»-и номхæссæг силгоймæгти искодтонцæ æмбарæ Фæллойни Бæгъатæрти хæццæ.

* * *

**Уæрæсей Федекраций размонæги иннæ Указмæ гæсгæ, æ фиди рамардбæл 300 бони рацæуни фæсте ци сувæллон райгура, уомæн паддзахадæ феддзæнæй пенси.**

* * *

Никки ма еу Указ – адæймаг æ цæрæн бунат ке райиивта, еци хабар æфсæддон комиссарадæн афойнадæбæл фегъосун кæнуни туххæй. Еци хабар æфсæддон комиссарадæн æртæ мæйей æмгъудмæ адæймаг ку нæ фегъосун кæна, уæд иваргонд æрцæуудзæнæй 10 мин сомемæй 20 мин сомей уæнгæ.

* * *

**Нийиерæги капиталбæл 1 февралæй бафтуйдзæнæй – фæффулдæр уодзæнæй 6,8 процентти. Аци нæуæгдзийнадæ хауй, нур ка есдзæнæй æ сертификат, еци бийнонтæмæ, уæдта раздæри сертификатæй æнхæстæй ка нæ испайда кодта, æма ма æ хигъди æхцатæ кæмæн байзадæй, уонæмæ.**

* * *

Нæуæг анзæй фæстæмæ фæккарздæр æнцæ Æнæмæнгæ медицинон фæдзæхстади полис мигранттæн дæттуни уагæвæрдтæ.

Кæронбæттæн паддзахадон аттестаци ка нæ рацæуа, еци 9-аг къласонтæн лæвар уодзæнæй ести фæллойнадон дæснийадæбæл исахур кæнуни барæ.

* * *

**Сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма сæ бийнонтæн агъаз ка кæнуй, еци æнæкоммерцион организацитæ хаст æрцудæнцæ, паддзахадон агъаз кæмæн ес, социалон æгъдауæй ахсгиагдæр уæхæн организацити номхигъдмæ.**

* * *

Сувæллæнттæ хуæдтолгити æнæ сæрмагонд бадæн бунæттæй ка ласа, еци шоферти ивар кæндзæнæнцæ никки карздæрæй: нур ивари бæрцæ иссæй 3 мин сомемæй 5 мин сомей уæнгæ, бæрнон адæймæгути ивар ба – 25 мин сомемæй 50 мин сомей уæнгæ.

* * *

**Е ’мгъуд кæмæн фæцæй, шофери уæхæн æвдесæндарæн еци æмгъуд идарддæр нæбал кæндзæнæнцæ. Айдагъдæр ма сæ тухи уодзæнæнцæ, е ’мгъуд 2025 анзи кæронмæ кæмæн æрхъæрттæй, уæхæн æвдесæндартæ, е дæр – æртæ анзей дæргъи, гъома, 2028 анзи кæронмæ.**

* * *

Уæрæсей Хецауадæ Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæн æ размæ исæвардта ихæс: 1 апърелмæ медицинон дæснийæдти номхигъди гъæуама фæззинна нæуæг дæснийадæ – æнæнез æма дæргъвæтийнæ цардбæл архайун æ куст кæмæн уодзæнæй, уæхæн дохтир.

* * *

**Цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради тарифтæ Цæгат Иристони анзи дæргъи фæффулдæр уодзæнæнцæ дууæ хатти: еу хатт фæффулдæр æнцæ, бæрæг куд æй, уотемæй – 1 январæй, дуккаг хатт ба – 1 октябрæй.**

**Январæй фæстæмæ тарифтæ фæффулдæр æнцæ еугур регионти еци-еухузон, рæстæмбес нимадæй – 1,7 процентти. 1 октябрæй ба тарифти ирæзт уодзæнæй фулдæр, уой хæццæ ба алли рауæн дæр аллихузон. Цæйбæрцæбæл фулдæр – е ба аразгæ уодзæнæй регионтæн сæхецæй.**

**Тарифтæ тæккæ фулдæр исирæздзæнæнцæ Стъараполи крайи – 22 процентти. Идарддæр цæунцæ: Дагестан – 19,7 процентти, Тамбови область – 17,5 процентти, Тюмени область – 17,2 процентти æма Республикæ Цæгат Иристон-Алани – 16,3 процентти.**

* * *

Нæуæг уагæвæрдтæмæ гæсгæ хæдзари хецау дзуапп дæттуй айдагъ æ фатербæл нæ, фал еумæйагхæдзарадон коммуникацитæн сæ кæцидæр хайбæл, разамунддæттæг компани кенæ Цæрæнуæтти хецæутти æмбаладæ, еци коммуникацитæ цалцæг кæнунæй æхе еуварс ку ласа, уæд. Инженерон хизæгтæ нивæбæл уавæри даруни домæнтæ кæнунцæ карздæр.

* * *

**Фатер конд ку некæбæл уа æма 12 мæйей дæргъи ревæдæй ку лæууа, гъома, коммуналон лæггæдтæй имæ ку неци хъæрта, уæд есбонбæл хъалон нимад цæудзæнæй æндæр хузи – 1,5 уæнгæ коэффициентмæ гæсгæ, æма уотемæй уодзæнæй фулдæр. Гъома, хецауади гъуди æй уæхæн: цæрæнуат дзæгъæл лæуд гъæуама ма кæна, фал къазнамæ хæсса æфтуйаг.**

**«Паспорт энергоэффективности», зæгъгæ, уæхæн гæгъæди фатерæн ку нæ уа, уæд ин рауæйæгæнæн кенæ байхуæрсæн нæ уодзæнæй. Еци æгъдауæй фатери уавæр исбæрæг кæнæн æма еци гæгъæди райсæн ес айдагъдæр сæрмагонд центрти.**

* * *

Цæрæнуат бафæдзæхсун адæймагæн кæд æ барæ æхе адтæй раздæр, уæд нурба еци гъуддаг æндæр хузхи иссæй. Бæлвурдæй кæбæлдæр фæдзæхст ка нæ уа, уæхæн цæрæнбунатæн нæдæр балхæнæн уодзæнæй, нæдæр ба рауæйæ кæнæн.

* * *

**Еугур коммуналон фæрæзнитæбæл дæр – донбæл, артагбæл, электрон тухæбæл – гъæуама æвæрд æрцæуа нимайæн прибортæ. Къохæй финст бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ коммуналон лæггæдтæн бафедæн нæбал уодзæнæй.**

* * *

Уæрæсей Ахуради министрадæй куд райгъустæй, уотемæй нæуæг, 2026-2027 ахури анзæй райдайгæй, уæлдæр ахурадæ райсуни туххæй ахур кæнун багъæудзæнæй æхсæз анзи.

Раздæри хузæн ма цуппар анзи ахур кæнун гъæудзæнæй, «Туризм» æма «Иуазæгуарзондзийнадæ», зæгъгæ, аци дæснийæдтæ ка равзара, айдагъдæр уони. Фондз анзи рахæсдзæнæнцæ инженерон, педагогон æма медицинон программитæ, æхсæз анзи ба берæвæрсуг æма вазуггин наукон дæснийадæ райсуни фæндæ ка искæна, уонæн.

Уотемæй, нуриуæнгæ ка адтæй æма цуппар анзи ка рахаста, еци ахурадæ, гъома, бакалавриат нæбал уодзæнæй, уæлдæр ахурадæ ба фæххæстæгдæр уодзæнæй, советон рæстæги ка адтæй, уæлдæр ахуради еци системæмæ.

* * *

**Аци игъосункæнуйнаг ба хауй медицинон уæлдæр ахургæнæндæнтти студенттæмæ.**

**Нæуæг закъонмæ гæсгæ еугур бюджетон бунæттæ дæр ординатури нурæй фæстæмæ уодзæнæнцæ нисанмæарæзт. Медицинон институттæ æма академий рауагъдонтæ ба æнæмæнгæ гъæуама æртæ анзи бакосонцæ медицинон косæндæнтти.**

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ...



*Хуæрзконд уосæ, дан, гъæунги куд цудæй, уотемæй æ фæдбæл еу бафтудæй æма ’й цох нæбал уагъта. Силгоймаг цæхгæрмæ гъæунгæмæ ку бахъæрттæй, уæд уоми фæззилдæй. Лæг дæр – æ фæсте. Уæд силгоймаг æ цуд фæссабурдæр кодта æма лæги бафарста:*

*– Мæ фæдбæл ци бафтудтæ? Ци дæ гъæуй?*

*– Уарзгæ дæ кæнун…*

*– Дзæгъæли мæ бауарзтай. Мæ фæсте мæ хуæрæ æрбацæуй. Е мæнæй фондзинсæй хатти рæсугъддæр æй. Уой ку бауарзай, уæд дин хуæздæр уодзæнæй.*

*Нæлгоймаг сахълæуд фæккодта æма фæстæмæ раздахтæй. Хъæбæр фудконд силгоймаги ку рауидта, уæд исмæстгун æй æма фиццаги фæдбæл нийййарцæ ’й. Байиафта æй æма ’й фæрсуй:*

*– Цæмæн мæ расайдтай?*

*– Æма мæ ду цæмæн расайдтай? Æцæгæй мæ ку бауарзтайсæ, уæд æндæр силгоймагмæ нæ раздахтайсæ, мæнæй сæдæ хатти рæсугъддæр ку адтайдæ, уæддæр, – дзуапп ин равардта силгоймаг æма æ над раидарддæр кодта…*

*Аци искæсæйнаг таурæхъ уомæ гæсгæ æримистан, æма нæмæ берæ уæхæн лæгтæ ес, кæцитæ ести хецаугонд кенæ бонгин адæймаги фæдбæл нийиелæг унцæ, табедзитæ ин кæнунæй сæхебæл нæ ауæрдунцæ… Фал син еске æндæрей туххæй ку иской кæнуй, уой равгитæ агъазиаудæр æнцæ, зæгъгæ, уæд уой æрдæмæ фæуунцæ… Æма сæбæл уомæй сайд ку ’рцæуй, уæд ма бæргæ фæффæсмон кæнунцæ, фал… Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Адæймаг зæрдæ æма зунд æй!..»*



**Валерий ФЕДОРОВ, дзиллон гъудикæнуйнади бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри директор: «Сæйрагдæр фарста – нури уавæртæн не ’хсæнадæ кутемæйти ниффæраздзæнæй?..»**

Кутемæйти? Нуриуæнгæ ци берæ зиндзийнæдтæн бавзурстан аллихузон реформити æма сæргъæн æйийвддзийнæдти фудæй, уонæн куд ниффæразтан, гъе уотæ бабæй. Бухсун æма бухсун нин ести фиццаг хатт æй. Нæ цардиуагæ еуцæйбæрцæдæр фæххуæздæр уодзæнæй, е ба ни æруагæс дæр нæбал кæнуй – е кæмæй аразгæ ’й, уонæй дæр фудевгед ан.



**Юрий ПОЛЯКОВ, финсæг, «Литературон газет»-и сæйраг редактор: «Цæмæй исонибони туххæй сагъæсгъон уай, уой туххæй зонун гъæуй евгъуд æма нури дзаман…»**

Рæстзæрдæ дзиллæ евгъуд рæстæгутæ бæргæ зонунцæ, æма, уоми зæрдтагонæй ци адтæй, уой имисгæй бустæги гъенцъун кæнунцæ абони цардарæзти æнæрастдзийнæдтæй, уомæ гæсгæ ба сæ исонибонæй дæр уойиасæбæл неци хуарзмæ æнгъæл кæсунцæ… Уогæ нæмæ минкъий нæййес уæхæнттæ дæр, евгъуди цитгиндзийнадæ ке нæ гъæуй, уонæн сæ сагъæс æй абони фулдæр мулкитæбæл фæххуæст ун, сæ еци бæлдæ æй сæ абони дæр æма сæ исонибон дæр...



**Вадим ДЕНЬГИН, Паддзахадон думи депутат: «Адæм нæмæ уойиасæбæл мæстæлгъæ цæмæн æнцæ, уойиасæбæл илгъгæнгæ зæрдихаттæй цæмæн кæсунцæ сæ кæрæдземæ? Гъе уой фудæй æй, æма нæмæ пропаганди министрадæ ке нæййес...»**

– Адæм уойиасæбæл мæстæйдзаг цæмæн æнцæ, уой фæдбæл номдзуд уруссаг финсæг Антон Чехов кæддæр уотæ загъта: «Адæм цæмæй гурумухъ æма æнæгъдау уонцæ, уомæн син агъаз кæнунцæ чиновниктæ сæхуæдтæ, уæлдайдæр сæ листæгутæ: нецæмæ дарунцæ сауæнгæ гъæуихецæутти æма дингæнгути хестæрти дæр. Мадта закъонтæ сæхуæдтæ дæр музухъагти фонси бунати æвæрунцæ...» Уомæ гæсгæ ба нури цардарæзти æнæрастдзийнæдтæ дæр еуварсгонд ку æрцæуонцæ, уæд, баруагæс уи уæд, еунæг пропаганди министрадæ дæр некæми багъæудзæнæй – уотемæй дæр дзилли уодигъæдæ берæ фæррайдзастдæр уодзæнæй...

**«Балæвар кæнетæ сувæллæнттæн байдзулд!..», зæгъгæ, уæхæн Бон бæрæггонд цæуй 7 феврали. Æма си зæрдиагæй байархайетæ, барæвдауетæ нæ кæстæрти хуæрзауодунæй.**

***СОСКЪИТИ Владимир æ кусти равдист Дигоргоми ку исаразта, уæд уой фæдбæл зундгонд аййевадæртасæг Иринæ Седова уотæ загъта: «Мах исахур ан Соскъий-фурти куститæмæ залти унгæги кæсунбæл, фал мæнæ нур ба хуæнхон æрдзон рауæнти парахаттæй сæ***





*Нæ Ирыстонæй ривæддон ыскодтой*
*Бынхор, бындартæ, нал сын ис æфсис…*
*Зæриндзых поэт азар-ма мын «Додой»,*
*Æз бахъырнон… Бæрзонддæр-ма йæ сис…*
2013.10.11

# «МÆ САГЪÆСТИ БАЦÆУГÆЙ УАЙТÆККÆДÆР НÆХЕМÆ, ДИГОРГОМИ РАВЗУРУН…»

Уæрæсей аййевæдти Академий æцæг иуонг Соскъити Бариси фурт Валоди æй нури доги зингæдæр скульптортæй еу. Уой дæр айдагъ Уæрæсей нæ, фал æнæгъæнæ дуйней дæр æй зундгонд.

Соскъити Владимири цардвæндаги, æма æ исфæлдистади туххæй берæ аллихузон æрмæгутæ фæззиннуй куд Уæрæсей, уотæ фæсарæйнаг дзиллон хабархæссæг фæрæзнити, аййевадон журналтæ æма киунугути. Уонæй кæцидæрти мах дæр рамухур кæнианæ нæ газети. Абони ба æ райгурди бæрæгбони фæдбæл нæ радзубандий нæ фæндуй, номдзуд æмзæнхонæн æ зæгъуйнæгтæй кæцидæрти хæццæ уæ базонгæ кæнун.

## «КЪОСТА МÆНÆН АЙДАГЪ АЙЙЕВАДОН СОРÆТ НÆЙ…»

Зундгонд куд æй, уотемæй Соскъийфурт æ исфæлдистадон архайди зингæ æргом æздахуй Хетæгкати Къостай сорæт исфæлгонц кæнунмæ.

Е хумæтæги нæй – уой фæдбæл æхуæдæг уотæ зæгъуй:

– Æцæгæйдæр уотæ ’й… Уæдта ма уой дæр зæгъуйнаг дæн, æма, кæдæй косун, уæдæй ардæмæ уæхæн скульпторбæл нæма исæмбалдтæн, æма Къостай сорæтмæ е ’ргом макæд маке раздаха. Е хумæтæги гъуддаг нæй, зин æнхæстгæнæн æй, фал уой хæццæ ба хемæлвасагæ, уомæ гæсгæ ба имæ еугур дæр сæхе рахатунцæ. Кæцифæнди адæймагæн дæр Къоста æ зæрди уæлдай арфдæр бунат ахæссуй. Æз дæр цалдæр хатти рагъавтон еститæ исфæлдесунмæ.

Къоста мæнæн айдагъ аййевадон сорæт нæй. Цал хатти ин бакæсун е ’мдзæвгитæ, уал хатти си ести æндæр нæуæгдзийнадæ æнæрайгонгæнгæ нæ фæуун мæхецæн. Æ поэзи æй алли доги аккаг дæр, уæлдайдæр ба мæнæ нури æмæнтъери царди фæззелæнти æма нихмæвæрдтити рæстæги.

Къостай сорæт кæми исфæлгонц кодта, еци циртдзæвæнтæй еу, зундгонд куд æй, уотемæй æвæрд æрцудæй Санкт-Петербурги аййевæдти Академий тургъи. Уой фæдбæл скульптор уотæ имисуй:

– Цæмæй Къостай скульптурæ уоми æвæрд æрцæуа, уой туххæй Академий ректор Альберт Серафими фурт Чаркинмæ мæхе ку бакъолæ кодтон мæ курдиади туххæй, уæд уайтæккæдæр мæ фарс рахуæстæй. Е нæ, фал ма мин цалдæр рæнгъи дæр бакастæй Къостай æмдзæвгæй.

**– Е ба ма дин еума дессаг! Нуртæкки доги уæхæн зундгин адæмтæбæл исæмбæлун, е æхуæдæг устур дессаг æй.**

– Куд базудтон, уотемæй е æхуæдæг не ’мзæнхонти хæццæ еумæ ахур кодта æма, æвæдзи, уæд базонгæ ’й Къостай исфæлдистади хæццæ дæр.

Къостайæн ма еума циртдзæвæн æвæрд æрцудæй Дзæуæгигъæуи. Уой ку аразта, уæд æ фæндæ адтæй:

– Мæ зæрдæ дарун, Дзæуæгигъæуи ин кæд ескæми бунат разиннидæ. Аллеябæл, Сабурдзийнади проспектбæл Къостай ном ци парк хæссуй, уой бакомкоммæ. Мæн фæндæй, нæ сахари адæм фулдæр кæми æзмæлунцæ, уоми фулдæр циртдзæвæнтæ æвæрд æрцæуидæ. Къостай ба айдагъдæр уоми уинун. Нæ зонун, цæйбæрцæбæл фæррæстмæ æй мæ куст, фал архайдтон, цæмæй си уæлдай фæззелæнтæ уотæ берæ ма адтайдæ. Уæдта ин æ фарсмæ бадæнбæл бунат дæр ма ниууагъта, цæмæй фæсевæд Къостай исфæлдистадæ æ зæрдæмæ хæстæг кæмæн æй, уонæн фадуат уа æ фарсмæ æрбадун, хузтæ исесунæн, естæбæлти расагъæс кæнунæн…

Аци циртдзæвæн Дзæуæгигъæуи Сабурдзийнади проспекти аллейи, Къоста æхуæдæг кæддæр кæми цардæй, еци рауæнмæ хæстæги æвæрд ку æрцудæй, уæд е берети зæрдæмæ фæццудæй. Фал, гъулæггагæн, нихмæдзоргутæ дæр разиндтæй – уой дæр уæхæнттæ, æма бæрзонд аййевадæн ка неци лæдæруй, кенæ соцъа ка кодта, уæхæнттæ. Нур етæ сæ дзæнгæдатæй банцадæнцæ, ка ’й зонуй, раст ке нæ ’нцæ, е си баруагæс æй. Циртдзæвæни сæрбæл рæстзæрдæй дзоргутæй ба еу адтæй Цæгат Иристони адæмон поэт Хъодзати Æхсар (1937-2021). «Соскъиты Владимиры скульптурон куыст «Къоста»-йы цур бадгæйæ», зæгъгæ, æмдзæвгæ дæр ма 2013 анзи ниффинста уой фæдбæл:

*Мæхи Къоста, æрбадтæн та дæ цуры.*
*Уæдæ цы фæуон – иунæг дæн дæуау.*
*Фæфæнды мæ мæ риссæгтæ фæдзурын,*
*Фæлæ кæмæн? Куы мын айста Хуыцау*

*Мæ хорз æмгæртты. Нæй фæхæцæг, хион.*
*Æгъдауæй, фарнæй бавдæлон нæ зæхх.*
*Хæлæг æмæ хæлæфы дуг у. Исбон –*
*Сæрфаты бæсты. Сафы нæ Фыдæх.*

Еугæр нæ дзубанди Къостай туххæй рацудæй, уæд ма уой дæр зæгъун гъæуй, æма Соскъий-фурт уогæ ба уæлдай зæрдирахаст даруй поэттæмæ. Уомæн æдесæн – Булат Окуджавæн, Иосиф Бродскийæн, Маринæ Цветаевайæн циртдзæвæнтæ ке исаразта, е дæр. Æма Валоди æхуæдæг куд зæгъуй:

## «УОЙ БÆРЦÆ ЗИНТÆ БАВЗАРÆГ АДÆЙМАГÆН ЛÆГЪУЗ УÆН НÆЙЙЕС…»

– Æз æцæгæйдæр поэзи берæ уарзун. Цветаевайæн ци циртдзæвæн исаразтон, е æвæрд æрцудæй Окай билгæрон сахар Таруси. Рæсугъд бунат æй. Цветаевай хъæбæр фæндадтæй, уоми æностæмæ æрбунæттон ун. Æвæдзи, еци æгæрон итигъдадæмæ ку кæсидæ, уæд уобæл сагъæс кæнидæ.

**– Еци циртдзæвæн исаразуни фæндæ дæмæ кутемæй исæвзурдæй?**





***фæууингæй, балæдæрдтан син се ’цæг алæмæтдзийнадæ. Ами ма æ исфæлдист сорæттæн раргом æй сæ еума дессагдзийнадæ: сæ уодигъæдæ син уотид не ’вдесуй, фал ма сæ адæмæн лæдæрд зæгъуйнæгтæй дæр исдзорун кодта...»***

– Еу æригон амалгун лæг мæмæ æрбадзурдта æма ми ракурдта, цæмæй уæхæн циртдзæвæн исаразон. Е уой хъæппæрес адтæй. Уой размæ дæр ма мин цидæр исаразун кодта æма, æвæдзи, мæ куст æ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй.

**– Мадта, уæд Уæрæсей ес, æцæг аййевадæн аргъкæнунгъон ка ’й, уæхæн æхцагинтæ.**

– Мæнæ дин æвдесæн, уæхæн адæймæгутæ ке ес, уомæн. Цæргæ Мæскуй кæнуй, уарзуй поэзи, уæлдайдæр ба Цветаевай исфæлдистадæ.

**– Булат Окуджави циртдзæвæни ирисхъæ ба куд рауадæй?**

– Аци куст мæ тургъи æй. Мæхецæн æй ниууагътон. Окуджава мин хæстæг æй, хуарз æй фæсмардтон, æ хæццæ фембæлинæ. Хъæбæр дессаг хабæрттæ мин дзоридæ. Æ игон, парахат зæрдихатт мæ зæрдæмæ хъæбæр цудæй. Хъæбæр дессаг уодигъæди хецау адтæй, берæ цæлхдорти сæрти рахизтæй.

Æ мадæ æртиндæс анзи ахæстдони фæббадтæй æма ку исуæгъдæ ’й, уæд имæ æртæ вагзалей размæ фембæлунмæ бацудæй. Æнгъалдта, бафæсмæрдзæнæй æй, фал æй нæ базудта.

Уæхæн адæймагæн, уойбæрцæ зинтæ бавзарæгæн лæгъуз уоди хецау уæн нæййес. Нæкæси, нæ фембæлдтити рæстæг ахид æримисидæ, Устур Фидибæстон тугъди рæстæги Мæздæги алфамбулайти куд тох кодта знаги нихмæ, еци хабæрттæ. Еци тугъдтити гъезæмæрттæ ба хъæбæр уæззау адтæнцæ æма си сæрæгасæй, кади хæццæ рацудæй.

## «БУСТÆГИ УСТУР ДЕСИ СÆ БАФТУДТА ЕДЗИТИ СОСЛÆНБЕГ...»

Соскъити Валоди ма æновудæй архайуй нæ национ аййевади сæрбæлтау рохситауæн гъуддæгутæ аразунбæл. Зæгъæн, цалдæр анзей размæ æ хъæппæресæй Мæскуй арæзт æрцудæй Къоста, Туйгъанти Махарбег æма Едзити666 Сослæнбеги кустити сæрмагонд равдист.

– Мæхе растауни хузи мæ маке балæдæрæд, фал, мæ бон æй зæгъун – равдист рауадæй хъæбæр тухгин. Мæскуйæгтæ никки хуæздæр базонгæ ’нцæ нæ национ аййевади алæмæтдзийнади хæццæ. Еци равдистмæ æз æрбахудтон мæ берæ зонгити, аййевадæн æцæг аргъгæнгути – зонгитæ, Уæрæсей зундгонддæр скульптортæ Андрей Красулин, Дмитрий Шаховский, хузæгæнæг Юрий Злотников æма иннети. Бустæги устур деси сæ бафтудта Едзити Сослæнбег. Етæ уæхæн кустиtæ уингæ дæр некæд фæккодтонцæ æма сæ æ пластикæ устур деси бафтудта. Уой фæсте мæмæ си ка не ’рбадзурдта æма æ цæмæдесдзинади кой ка нæ искодта, уæхæн си нæбал байзадæй. Уæдта син мæхуæдæг дæр басастæн, – Едзий-фурти исфæлдистади сосæгдзийнæдтæ нур лæдæрун ке райдæдтон, уобæл.

Гъуддаг уой медæги æй, æма ин æ еугур куститæн ардæмæ ласæн нæ адтæй, ардæмæ си æрластонцæ айдагъдæр цалдæр скульптури. Фал син æ иннæ кустити туххæй лæмбунæг ку æрдзурдтон, уæдта сæ хъæбæр бафæндадтæй сæ хæццæ базонгæ ун, сæ фæууинун. Хуарз уидæ, Едзий-фурти куститæ Мæскуй æнхæстæй æвдист ку ’рцæуиуонцæ, еци фарстабæл бакосун. Æцæг устур деси ба сæ етæ уæд бæргæ бафтауиуонцæ.

**– Æма уомæн ци исаразун гъæуй аци æгудзæг рæстæгути?**

– Айдагъдæр фæммадзал кæнун гъæуй фæрæзнитæ, сæйрагдæр сæ фæлласунбæл æма сæ страховкæбæл бафедунæн. Арендæн уотæ берæ æхца нæ гъæуй. Мæ бон æй зæгъун, Третьяковки галерейи мин ке бантæсдзæнæй æ исаразун. Фадуат ес Едзий-фурти куститæй 25-30 бæрцæ равдесунæн. Сæйрагдæр конд æнцæ дор æма гъæдæй. Уæхæн равдист ма исаразун æнгъезуй Санкт-Петербурги дæр. Уой уæлæнхасæн ба ма исаразун æмбæлуй, ласæн кæмæн нæййес (циртдзæвæнтæй зæгъун), уонæн устур панно.

## «НАРТÆМÆ МÆНÆН СÆЙРАГДÆР ÆЙ СÆ УОДИГЪÆДИ ТУХÆ...»

Алли исфæлдистадон косæгæн дæр æ еу æнтæст исуй æ бæлдити иннæ бæрзондмæ исхезунæн асийни хузæн. Уæхæн бæлдитæ Соскъий-фуртмæ дæр куд нæййес. Фæстаг рæстæгути ма цæбæл косуйнаг дæ, зæгъгæ, фарстатæн номдзуд скульптори дзуапп фулдæр хæттити фæуй:

– Нарти кадæнгити бæгъатæртæбæл. Етæ айдагъ мæнæн нæ, фал нæ еугур адæмæн дæр æнцæ нæ устурдæр национ хæзнадонæ, нæ культури устурдæр цирtдзæвæн, нæ адæми истори.

Куд зонæн, уотемæй еци темæмæ се ’ргом алли рæстæгути æздахтонцæ нæ тæккæ зундгонддæр хузæгæнгутæ: Туйгъанти Махарбег, Хохти Аслан-Гирей, Дзантиати Юрий... Мæнæн, уотæ тухгин æма хъæболгинæй сæ ке искæнунцæ, айдагъ уомæ гæсгæ хъæзар нæ ’нцæ. Мæнмæ сæйрагдæр кæсуй сæ тухи уæзæ. Еци хузи мæ бацæуун фæндуй сæ сорæттæ исаразунмæ. Мæнмæ гæсгæ, алли скульптори бон дæр æй еци темæмæ æхе сæрмагонд цæстингасæй æркæсун, æхе хузи сæ равдесун.


Цалдæр анзей размæ ба СОСКЪИТИ Валоди æ скульптурон кустити равдист исаразта Дигоргоми рæсугъддæр рауæни, æрдзон уавæрти.

**– Нарти кадæнгити сорæттæбæл косгæй, дæ зæрди куд ес? Хецæн цикл райсдзæнæ æви æвзаргæй?**

– Æвзаргæй. Кадæнгити сæйраг архайгутæ мæнмæ Сослан æма Батраз нæ кæсунцæ. Мæнæн цæмæдесагдæр æнцæ Сирдон æма Сатанай сорæттæ, кæд бустæги нихмæвæрд æнцæ, уæддæр мæнмæ Сатана кæсуй æнæгъæнæ Иристони мади хузæн.

Мæ фæндон ку рацæуидæ, уæд ин устур сорæт æвæрд æрцæуидæ хуæнхбæстæмæ хæстæг ескæми, идардæй цæугæй дæр куд зинна, уотæ. Мах адæммæ силгоймаги номæн æндæр нисанеуæг ес. Уæхæн гъуди царди рауадзун кæмæн бантæса, е устур ахсгиаг гъуддаг исараздзæнæй, уомæн æма Сатана Нарти кадæнгити сæйрагдæр архайгутæй еу æй. Цидæриддæр зæгъидæ, е æрцæуидæ, унаффæ дæр уой хæццæ кодтонцæ Урузмæг æма иннетæ. Мæ фиццаг куст дæр «Сатана æма Урузмæг» хундтæй, иннæ дæс композиций дæр нуртæккæ бронзæмæ тайунгонд цæунцæ.

*Соскъий-фуртæн æ косæн æрмадзи æвæрд куститæй ин си еуей туххæй кадæр мæ зæрдæмæ, дан, уæлдай хъæбæрдæр цæуй, зæгъгæ, ку загъта, уæд ин скульптор раргом кодта æ гъуди:*

Е еумæйаг сорæт æй... Кæддæр Дигоргоми еу гъонгæси хæццæ исæмбæлгæй си ракурдтон, цæмæй ин æ хузæ искæнон. Е исарази æй. Æ лæдзæгбæл æхе æрæнцойнæ кодта æма е ’ргъаумæ æ цæстæ дардта. Дзæвгарæ уотемæй фæллæудтæй æнæзмæлгæй. Дуккаг бон дæр бабæй уотæ. Куд рабæрæг æй, уотемæй еци-еу хузи лæууидæ. Æнæгъæнæ бон уотæ лæуун куд фæразта? Комбæл æрзилдтæн, бетъина æрæмбурд кодтон, е ба ма уæддæр еци-еу рауæн лæудтæй. Нур ба мæнæ мæн æрмадзи лæууй. Ку имæ бакæсун, уæд уайсахат нæхемæ Дигоргоми равзурун.

## ХЪÆБÆР БОЗ ÆМА СÆРУСТУР ДИ АН, ВАЛОДИ!..

Æма ин уоййасæбæл зæрдирай ка ’й, нæ еци Дигори, нæ Иристони еугур дзилли номæй Соскъити Бариси фурт Валодийæн зæрдиагæй арфæ кæнæн æ райгурди бæрæгбони фæдбæл. Нæ арфитæн сæ сæйрагдæр æй: æнæнез æма нифсхастæй зæрдрохс куд уонцæ æ царди еугур бæнттæ дæр, æ исфæлдистади алæмæтдзийнадæй нæ никки устурдæр дести куд æфтауа, нæ национ аййевади кадæ дуйней дзиллити цæсти цитгинæй-цитгиндæр куд кæна!.. Мах си хъæбæр боз æма сæрустур ан!..

***Æрмæг бацæттæ кодта БИЧИЛТИ Алетæ.***
***Соскъити Владимири куститæй къартæ ист æнцæ социалон хизæгтæй.***







***Иван ГОНЧАРОВ (1812-1891), финсæг: «Алли адæмихатт дæр гъæуама æхе æрлæдæра æма æ еугур хъауритæй байархайа, цæмæй æ медæгæ ци зунди хъаурæ, уоди фарнæ, хуæрзгъæдæ менеугутæ æма искурдиадæ ес, уони еугурадæмон***

# ÆНÆФЕРОНХГÆНГÆ ЦАУ

Куд, æвæдзи, алли адæймагæн, уотæ мæнæн дæр цæргæцæрæнбæнтти зæрдæбæлдаруйнаг иссæнцæ æригондзийнади рæстæгути хабæрттæ æма цаутæ.

Куд нæ фæуундтон зиндзийнæдтæ дæр æма хуарздзийнæдтæ дæр! Седзæри бонтæ, 1932-1933-аг æстонг æнзтæ, Устур Фидибæстон тугъди æверхъау, уой фæсте ба ихæлд хæдзарадæ æ къæхтæбæл ислæуун кæнуни рæстæг. Æма кæд уæхæн берæ зиндзийнæдтæ бавзурстан æма фæууидтан, уæддæр мæнæн æригонæй абони уæнгæ мæ зæрди уедæгтæ агайунцæ берæ æнæферонхгæнгæ цаутæй. Уонæй еуей кой ракæнуйнаг дæн абони.

Райдзаст сæрдигон рæстæг… Æнæгъæнæ Иристонбæл дæр райгъустæй устур цийни хабар. Нæ адæмтæ кадгин уавæрти бæрæг кæндзæнæнцæ нæ республики автономий дæс анзей юбилей. Куд нæ цийнæ кодтан мах дæр?! Еци рæстæг ахур кодтан Нартигъæуи авдандзон скъолай. Æма нæ директор Танхълати Хъæгъæрман æма нæ ахургæнгутæ нин фегъосун кодтонцæ, зæгъгæ, нæ гъæумæ нæ Райгурæн бæсти сæйраг сахар Мæскуйæй хуæдтæхæгбæл истæхдзæнæнцæ иуазгутæ. Кæми ма адтæй мах цийнæн кæрон?!

Скъолайæй нæ ракодтонцæ Нартигъæуи нигулæнварс, Фиййагдонæй гъæуи 'хсæн цъæх фæзæмæ. Ами гъæуама æрбадтайдæ хуæдтæхæг.

Рацудæй еу бон, дуккаг… Æртиккаг бон рæфтæмæ хæстæг гъæуи сæрмæ фæззиндтæй хуæдтæхæг, кæци гъæуи сæрти æркодта цалдæр зилди, уæдта æхе зæнхæмæ ниллæг æруагъта æма, ци цъæх фæзæ никкæдзос кодтан, уоми фæлмæн бадт æркодта.

Е адтæй 1934 анзи сæрди. Зæрондæй-æригонæй, силгоймагæй-нæлгоймагæй, айдагъ Нартигъæуæй нæ, фал республики берæ гъæутæй æма сахартæй æрæмбурд æнцæ æгæрон дзилæ. Сæ цийни зæлтæ син идардмæ хаста фæлмæн уоддзæф.

Райгæдта кадгин бæрæгбон Нартигъæуи (е адтæй Михаил Ивани фурт Калинини иссуди размæ Иристонмæ). Рæстæгмæ фæйнæгутæй арæзт хуматæг трибунæмæ исхизтæнцæ гъæусовети, колхози разамонгутæ, райæнхæсткоми, партий райкоми æма обкоми минæвæрттæ, гъæусовети æма колхози разамонгутæ, колхозонтæ-хъазауатонтæ. Ке зæгъун æй гъæуй, уони хæццæ кадгин мæскуйаг иуазгутæ дæр. Цыбур раздзубандий фæсте дзурди барæ лæвæрд æрцудæй мæскуйаг иуазæг, газет «Крестьянская газета»-йи редколлегий иуонг Михаил Пантюховæн. Абони хузæн мæ зæрдæй нæ цох кæнунцæ уой арфгъудигин радзубанди, æ зæрдибун æма æхсæдгæ фæдзæхститæ æма фæдздзурдтитæ. Арф багъуди кодтон æ радзубандий кæрони загъд:

– Æндиудæй тундзетæ æма цотæ размæ нæуæг цардарæзти нæдтæбæл, косетæ, ахур кæнетæ æма цæретæ Владимир Ильич Ленини фæдзæхститæмæ гæсгæ!

Михаил Пантюхов æ цæмæдесаг радзубандий Нартигъæуи дзурддзæугæ курухон хестæртæй еуей, Калоти Доти кой ку искодта, уæд адæм зæрдиагдæрæй нийгъустонцæ дзубандигæнæгмæ.

Æ радзубандий е æримиста медбæстон (граждайнаг) тугъди рæстæг, æхуæдæг кæми бафтудæй, еу уæхæн цау. Уæд Иристони дæр, куд Уæрæсей еугур рауæнти, уотæ цудæнцæ карз тохтæ æригон Сурх Æфсади хæйттæ æма Деникини уорсгвардионти 'хсæн. Михаил Пантюхов, партийæй æрвист лæг, Сурх Æфсади рæнгъити бæгъатæрæй тох кодта Деникини æфсæдти нихмæ, разамунд лæвардта сурхæфсæддон хæйттæн.

Медбæстон тугъди цаутæ Цæгат Иристони фæрраæуæгдæр æнцæ, фал ма Хонсар Иристони адтæнцæ карз. Æма Михаил æвæстеуатæй æрвист æрцудæй уордæмæ. Уоми ба æ архайд уоййасæбæл агъазиау адтæй, æма гурдзиаг меньшевиктæ уорсгвардионти хæццæ æ фæдбæл зелун байдæдтонцæ, гъавтонцæ уодæгасæй æй æрахæссун æма ин карз тæрхон искæнун.

Еууæхæни хуæнхтæмæ хæстæг рауæни син бантæстæй, Пантюхов кæми адтæй, уой базонун æма ибæл æртеголæ 'нцæ. Фал си Михаил куддæртæй райервазтæй æфцæгæрдæмæ. Утемæй æрхъæрттæй Хилаки коми рæбуйнагдæр, Калоти гъæумæ. Гъæуи хестæр цæрæг Калоти Дотæ сагойнæй архайуй хуаси къапунати хæццæ. Ледзæг лæг Доти рауингæй имæ дзоруй:

– Хуарз лæг, фæййагъаз мин кæнæ, æрбасорунцæ мæ!..

Зæронд лæг, берæ нæ рагъудигæнгæй, æнæзонгæ лæги хæмпæлти буни ракодта. Уæдмæ фудгæнгутæ, сæ хед калгæ, зæронд лæги размæ æрхъæрттæнцæ æма 'й æмцъухæй фæрсунцæ:

– Абæлти ци лæг лигъдæй, е ци фæцæй?

Дотæ сæмæ дзоруй:

– Мæнæ аци надбæл фескъæруй еу æнахур лæг. Æз ма имæ дзорун, кæци дæ, ка дæ, фал дзоргæ дæр неци искодта, утемæй идарддæр ледзунмæ фæцæй. Идардмæ нæма фæллигъдæй, фæттагъддæр кæнетæ…

Етæ сæ цуд фæттагъддæр кодтонцæ коми. Дотæ ба æнæзонгæ лæги æдасдæр рауæн бафснайдта. Дууæ боней дæргъи зæронд лæги бийнонтæ æнæзонгæ лæги исиуазæг кодтонцæ, фæсгъæуай æй кодтонцæ.

Æртиккаг бон Дотæ Михаилæн над байамудта, фæндаггагæн ин æ хæццæ хуæруйнаг дæр рарæвдзæ кодта, æ фурттæй ин еуей æ хæццæ надамонæг рависта, утемæй æй будурмæ рафæндараст кодта.

Гъе уотæ, медбæстон тугъди рæстæги хуæнхаг зæронд лæг Калоти Дотæ мæлæтæй фæййервæзун кодта хумæтæг фæллойнæгæнæг адæми амонди сæрбæлтау еузæрдиуон тохгæнæг, æхсаргин революционер Михаил Осипи фурт Пантюхови.

Нæ рагфидтæлтæ уотæ зæгъиуонцæ: «Хуарздзийнадæ нæ иронх кæнуй…» Кæд аци хабар раги адтæй, уæддæр Михаил Пантюховæй нæ ферохс æй, идард хуæнхаг зæронд лæг Дотæ ин ци хуарздзийнадæ исаразта, уой.

Нартигъæуи 1934 анзи устур цийни бæрæгбони дзубанди кæнгæй, Михаил Пантюхов Доти кой ку искодта, уæд адæм никки цæмæдесагдæрæй нийгъустонцæ иуазæгмæ.

Дотæ цардæгас æй, ами, Нартигъæуи цæруй, зæгъгæ, аллирдигæй имæ дзурдтонцæ адæм. Дотæ иуазæги ку рауидта, уæд лæхъуæни хузæн æхе багæлста, лæгмартæй ке фæййервæзун кодта, уомæ.

Кæми ма адтæй кæрон дууæ лæгей цийнæн!.. Нæбал адтæй кæрон адæми цийнæн дæр! Беретæн уонæмæ кæсгæй фурцийнæй сæ цæстисугтæ дæр ма 'ркалдæнцæ.

Зæронд лæг æ цæстæ 'рхаста Михаилæн æ сæрæй æ къæхти бунмæ… Æнай-æнойти Доти цийнæ цидæр æрбацæй, æ цæстисугтæ 'ркалдæнцæ… Æ цæститæбæл рауадæй, æхсæрдæс анзей размæ мæлæтæй ке фæййервæзун кодта, еци æртинанздзуд уæйуги хузæн Михаил. Нур ба е æ рази æнæ галеу къахæй лæууй…

Михаил Пантюхов уайтæккæддæр балæдæрдтæй æ ервæзунгæнæги зæрди гъенцъун æма бабæй æй æ хъури никкодта.

Бæрæгбон æ тæмæни бацудæй. Адæми игъæлдзæг ходунæй æма кафунæй зæрдæ дæр рохс кодта. Михаил Пантюхови бардзурдмæ гæсгæ иуазæг-тæхæг æ хуæдтæхæг искосун кодта, исбадун си кодта гъæуи кадгиндæр хестæрти Дулати Боци, Годжити Мæцихъой, Гусати Хъамболати, Калоти Доти æма ма цалдæр скъоладзауей. Уони хæццæ Дзабрати Губатæ, Дулати Тамарæ æма æндæртæ. Исиста хуæдтæхæг æхе уæлдæфмæ æма гъæуи сæрти цалдæр зилди æркодта. Хуæдтæхæги ка бадтæй, етæ нин уордигæй салам равардтонцæ.

Еци устур æма кадгин бæрæгбонæй фæстæмæ рацудæй берæ дæсгай æнзтæ, фал зæрдæй некæд цох кæнуй еци æнæферонхгæнгæ цау. Берæ хæттити исфæндæ кодтон ниффинсун газетмæ еци хъазар æма зæрдагайæн имисуйнаги фæдбæл, фал мæ е хъор кодта, æма, медбæстон тугъди рæстæг нæ райгурæн Иристони зæнхæбæл уорсгвардионти нихмæ бæгъатæр тохгæнæг Михаил Осипи фурт Пантюхови ирисхъæ 1934 анзи фæсте куд рауадæй, уомæн бæлвурдæй неци зудтон. Фал, куд фæззæгъунцæ, адæймаги ци бафæндæуа æма ци нæ бакæндзæнæй. Берæ фæссагъæс кодтон æз дæр, мадта ци хузи базонон Михаили ирисхъи хабæрттæ.

Мæ зæрдæбæл æрлæудтæй, Михаил Пантюхов раздæри газет «Крестьянская газета» нуртæккæ «Сельская жизнь» ка хуннуй, уоми ке куста, е. Æма уæд еци газети редакцимæ ниффинстон мæ курдиадæ, цæмæй мин фегъосун кæнонцæ, æртинæймаг æнзти сæ газети редколлегий иуонг Михаил Пантюхови цард идарддæри хабæрттæ. Мæ финстæг ку рарвистон, уæдæй рацудæй дууæ мæйи, фал дзуапп нæййес. Сагъæс кодтон, мадта ма кумæ ниффинсон, зæгъгæ. Фал 29 сентябри райстон, берæ æнгъæлмæ кæмæ кастæн, уæхæн дзуаппфинстæг мæ курдиадæн сахар Барнаулæй (Алтайи край).

Куд рабæрæг æй, утемæй «Сельская жизнь» газети косгутæ берæ фæййагоргæй исбæлвурд кодтонцæ, Михаили кæстæр фурт Игорь Пантюхов, зундгонд советон финсæг-журналист Алтайи крайи сахар Барнаули ке цæруй, уой. Æма мæ финстæг Мæскуйæй рарвистонцæ Игори номбæл Барнаулмæ.

Игорь зæрдрохсæй бакастæй мæ финстæг æма мин, æнгъæл дæр куд нæ адтæн, уæхæн æнхæст æма медесгун дзуапп исæрвиста.

Мадта, зæгъетæ, куд рауадæй Михаил Осипи фурт Пантюхови идарддæри ирисхъæ?

Куд базудтон, утемæй аци æхсаргин революционер 1917 анзи Питери октябри цаути æма Зуймон галауанмæ нимпурсти архайæг Михаил Пантюхов ардигæй, Кавказæй, рафтудæй Харьковмæ, уæдта бабæй Воронежи бунмæ тогкалæн тугъдмæ æма уоми Михаил фæцæй уæззау цæфтæ. Уæззау фæстеугутæ – байзадæй æнæ галеу къахæй. Берæ гъезæмæртти фæсте Михаил ислæудтæй æ еу къахбæл æма бабæй уодуæлдайæй райдæдта нæуæг цардарæзтбæл архайун.

Михаил фæстæдæр æрвист æрцудæй сахар Новочеркасскмæ политхайади хецауæй. Ами Михаил иссæй газет «Знамя коммуны»-й фиццаг редактор. Фæстæдæр куста Ростови газет «Молот»-и редакторæй. Уой фæсте æрвист æрцудæй Мæскумæ, æма уоми иссæй «Крестьянская газета»-йи редакций редколлегий иуонг.

Аци газети косгæй, Михаил Пантюхов хæстæг базонгæ 'й æма балимæн æй не 'мзæнхон, зундгонд революционер æма медбæстон тугъди цаути уодуæлдайæ архайæг Тогойти Данели хæццæ. Уой хундмæ гæсгæ иссудæй Мæскуйæй Дзæуæгигъæумæ æма ами косун райдæдта республикон газети сæйраг редактори хуæдæййевæгæй. Фæккуста си 1937 анзи уæнгæ.

1937 анз… Æверхъау рæстæгутæ… Михаил Пантюхов æвудæй ист æрцудæй æ кустæй, рацох æй кодтонцæ партий рæнгъитæй. Уой фæсте – ахæстдонæ, уæдта бабæй æрвист æрцудæй хуæнхаг гъæу Къобæмæ. Еци уæззау анзи Михаил Пантюховæн райгурдæй æ дуккаг фурт Игорь. Михаил Къобæй æрвист æрцудæй Астæуккаг Азимæ. 1943 анзи Михаили цардæмбал Динæ Бариси кизгæ дæр æ дууæ биццеуи Леонид æма Игори хæццæ æрвист æрцудæй Алма-Атамæ. Еци анз ахæстæй исуæгъдæ 'й Михаил дæр.

Михаил 1956 анзи реабилитацигонд æрцудæй æма фæстæмæ ист æрцудæй партий рæнгъитæмæ. Михаил Пантюхови бийнонтæ, хестæр фурт Леонидæй фæстæмæ (е цæргæ байзадæй Алма-Атай), æрбунат кодтонцæ сахар Барнаули.

Михаил Пантюхов æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1966 анзи 13 майи, байвардтонцæ 'й Мæскуй Новодевичий уæлмæрдти. Æ цардæмбал Динæ Бариси кизгæ рамардæй цалдæр анзей фæсте сахар Барнаули.

***ГÆППУАТИ Хъасболат,
тугъди æма фæллойни ветеран, Цæгат Иристони скъолай æскъуæлхт ахургæнæг.***



Михаил ПАНТЮХОВ

**Уæрæсей науки Бон бæрæггонд цæудзæнæй 8 феврали. Зæрдиагæй арфæ кæнæн нæ республики науки къабæзти еугур архайгутæн дæр сæ бæрæгбони фæдбæл, нæ зæрдæ син зæгъуй, сæ арфиаг фæллæнтти æнтæстгин куд уонцæ.**

*хæзнадонæмæ бахæсса. Адæм цæйбæрцæ уодведардæр, гъомусгиндæр уонцæ, уой бæрцæ ци исфæлдистадон фарнæ исфæлдесун ин бантæса, е бæркадгиндæрæй æма бæрæгдæрæй зиндзæнæй дуйней адæмти бийнонти царди...»*





# БÆХ ÆМА АДÆЙМАГ



**ХЪУЛАТИ Владимир** (1915-1988),
гъæуунхæдзарадон наукити кандидат:

***Беслæйнаг бæхтæ нæ Цæдеси æма фæсарæйнаг паддзахæдти дæр берæ рауæнти багъудæнцæ, сауæнгæ нæуæг заводтæ аразгæй дæр. Æвдесæнæн фагæ æй айдагъ мæнæ аци еунæг хабар дæр: Краснодари крайи «Пириндзи совхоз-племзавод» Беслæни ци æфситæ балхæдта, уони цæуæт нур цалдæр анзей дæргъи бæсти ипподромти уæлахез кæнунцæ Цæдеси тæккæ номдзуддæр заводти хаст догъонтæбæл.***

## ЭКОНОМИКОН ЦÆСТИНГАС ДОГЪОНТÆ ХÆССУНМÆ

Гъæууон хæдзаради цийфæнди къабазæ дæр пайдайаг ку нæ уа, уæд исæфтмæ цæуй. Хуæрзмуггаг бæхтæ дарунæн дæр ирæзæн нæййес, пайдайаг ку нæ уа, уæд. Беслæни кæдзостог бæхти завод райдайæни зин уавæрти адтæй, уæддæр æ исарæзти фæндзæймаг анзæй фæстæмæ æ бæхтæ дæттунцæ пайда. Фиццаг инсæй анзей дæргъи рауæйæ кодта 410 бæхи æма æ хæрзтæй уæлæмæ æфтуйаг рауадæй 340 мин соми. Раст зæгъгæй, е æгæр минкъий æй, фал зин уавæртæ хинцгæй – хатиргонд фæууæд беслæйнæгтæн. Уæлдайдæр ба еци æнзти федаргонд æргътæ ниллæгдæр ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ. Фæстаг рæстæг еуемæй устурдæр æргътæ федаргонд æрцудæй, иннемæй ба лæвæрд æрцудæй уæйæгæнæгæн æма æлхæнæгæн сæхе фæндæмæ гæсгæ аргъ æвæруни барæ. Е хуарз фæййагъаз æй Беслæни заводæн. Мæнæ фæстаг фараст анзей бæрæггæнæнтæ: рауæйæ кодтонцæ 319 бæхи, райстонцæ 3 миллиони æма 226 мин соми, кæдзос пайда – 1 миллион æма 269 мин соми. Уæлдай фулдæр æфтуйæггаг æма пайда райстонцæ фарæ: рауæйæ кодтонцæ 30 кæдзостог догъон бæхи. Æфтуйæггаг – 478 мин соми. Рæстæмбес нимадæй еу бæхи аргъ рауадæй 15 933 соми. Е бæргæ хуарз бæрæггænæн æй. Фал англисаг догъонти кадæ æнæгъæнæ дуйней куд ирæзуй, уомæ гæсгæ дессаг нæй. Фарæ Бæхдаруни институти ахургæндтæ лæмбунæг рартастонцæ, ци мин æма æрдæгмæ хæстæг кæдзостог догъонтæ уадæй нæ Цæдеси ипподромти, уони æнтæститæ. Æма хуæздæр догъонтæн сæ уиндæ, сæ конд дæр хинцгæй æмзундæй искарстонцæ: «1989 анзи тæккæ хуæздæр бæх адтæй беслæйнаг Фабрикæ!» (журнал «Коневодство и конный спорт, 1990 анз. №3).

Догъон Фабрикæ, æнæмæнгæ фæббæрзонддæр кодта беслæйнаг догъонти аргъ.

Кедæрти, æвæдзи, бафæнддзæнæй бафæрсун: «Кæд рæстæмбесæй еу беслæйнаг догъони аргъ 16 мин сомемæ исхъæрттæй, уæд Фабрикæн æхе аргъ ба цæйбæрцæ уодзæнæй?..» Æма зæгъун: Фабрикæн аргъ нæййес, гъома, уæййаг нæй, уомæн æма уой уæйæ кæнун Беслæни заводæн уидæ, «ци къалеубæл бадуй», уой æ рæбунбæл рахаун кæнуни хузæн..

Æнгъæлмæ кæсун уæхæн фарстамæ дæр: «Англисаг догъон бæхти муггаг «кæдзостог» цæмæн хонунцæ иннетæй уæлдай?..» Дзуапп: англисæгтæ, сæ «базургин бæхмуггаг цæттæбæл банимадтонцæ XVIII æноси кæронмæ хæстæг. 1973 анзи рауагътонцæ муггаги киунугæ (студбук), уордæмæ бахастонцæ тæккæ хуæздæр æфситæ æма урсити нæмттæ, сæ фидтæлтæ æма мадтæлти номхигъд. Æма баунаффæ кодтонцæ: идарддæр муггагбæл нимад цæуæнтæ, киунуги финст ка 'рцудæй, айдагъдæр комкоммæ уони байзæдтæгтæ. Еци муггагæй æндæрти хæццæ хæлæмулæй ци бæхтæ рантæстæй (хъæбæр берæ 'нцæ æнгъæнæ зæнхи цъарæбæл), уони ба хонунцæ «æрдæгтог». Бæхгин æфсæдти афицерти бæхтæн сæ фулдæр «æрдæгтогтæ» адтæнцæ.

Дессаг ба куд нæй: хуæрзмуггаг бæхтæ ка даруй, етæ сæ бæхти нийййергути номхигъд берæ хуæздæр фæззонунцæ сæхе фидтæлти номхигъдæй.

Гъулæггагæн, мæхецæн дæр мæ фидтæлти нæмттæ зундгонд æнцæ айдагъдæр фæндзæймаг къæпхæни уæнгæ. Уотемæй ба мæ бон æй беслæйнаг бæхтæй алке фидтæлти номхигъди халæ райхалун сауæнгæ англисаг догъонти муггагæн бундорæвæргути – Эклипс, Мэтчэм, Гэроди уæнгæ…

Англисаг кæдзостог бæхти кой уин уотæ бæлвурдæй уомæн кæнун, æма алке дæр гъæуй зонун, дуйней уомæй хуæздæр, уомæй уайагæдæр, уомæй хъазардæр муггаг ке нæ исфæлдистонцæ. Хуæздæр араббаг догъон бæх еу километр уайуй еу минут æма æхсæз секундемæ, англисаг – еу минутмæ. Уотемæй ба VII-XVIII æности хуæздæр догъон араббаг адтæй…

* * *

Дæс анзей размæ Цæгат Иристони наукон-æртасæн институти директор Черджиати Хазбийи хæццæ бадзубанди кодтон (рохсаг уæд) бæхи туххæй æртасæн куст бацæттæ кæнунбæл – «Бæх Цæгат Иристони». Фæккустон ибæл дууæ анземæй фулдæр. Дæс авторон сифи си рауадæй (куд бадзубанди кодтан, уотæ). Æркастæнцæ имæ гъæуунхæдзарадон институти ахургæндтæ. Сæ зæгъуйнæгтæн æма фæндитæн син аргъгæнгæй, мæ фæллойнæмæма æйййивддзийнæдтæ бахастон æма 'й равардтон наукон-æртасæн институтмæ. Уоми ба еци рæстæг, обкоми секретари бунатæй ист ка 'рцудæй, еци Кучити Агубей исæвардтонцæ директорæй. Ами ма гъæуама ракæнон еу хабар. 1981 анзи октябри æзмæнстити хуæдфæсте СЦКП-й Центрон Комитетмæ ци финстæг рарвистон, уоми комкоммæ фудгинтæбæл нимайун обкоми «идеологти». Уой Центрон Комитети бæрнон косæг Н.В. Упенниковæн дæр лæгæйлæгмæ загътон 1981 анзи декабри нæ обкоми хæдзари. Еци хабæрттæ Кучий-фурт, уæд обкоми секретарæй косгæй куд нæ зудтайдæ, æма мæмæ, æвæдзи, хæран зæрдæ дæр дардтайдæ. Е ми æруагæс кæнуй уомæ гæсгæ дæр, æма мин мæ куст ку фæууидта, уæд æ меднимæр ци загъта, уомæн Хуцау æ зонæг, фал мæнæн ба гъæрæй уотæ бакодта:

– Не наш профиль!..

Æз иронау дзурдтон, е – уруссагау. Уогæ си ци агорун, кæд æма директор æхе ирон хонуй, уæддæр сауæнгæ ирон газет «Рæстдзинад»-мæ дæр æ финстæгутæ финсуй... айдагъдæр уруссагау!..

Мæнæ ци дзубандий кой кæнун, е ба уæд цудæй институти партбюрой секретарь æма ахургонд секретари рази. Æз Агубей бафарстон:

– Истори, культурæ, адæмон хæдзарадæ, экономикæ уæ «профиль» нæ 'нцæ?

– Æнцæ, – æвæндонæй басастæй «идеолог».

Нæ буцæу рахецæн æй, спортивон æвзагæй дзоргæй, 1-0 хигъдæй, æма мин мæ куст уæддæр райстонцæ. Уогæ аци хабарбæл дууæ анзи ку рацудæй, уæд бабæй Кучий-фуртæн гæнæн фæцæй мæнæн нæуæг цæлхдор райаразунæн: киунугæуадзæн «Ир»-и редакцион совети дзубанди цудæй 1986 анзи рауадзуйнаг киунугути пъланбæл. Æз Бестаути Заури хæццæ ци минкъий киунугæ бацæттæ кодтон бæхтæ даруни туххæй, уомæ ку æрхъæрттæнцæ, уæд Агубе загъта:

– Эту работу Кулаев нам продал...

Уоййадæбæл киунугæ рохс нæ фæууидта. Æма газеттæ журналтæ, радиой фæрци уæддæр искæнæн бæхти кой.

* * *

Беслæйнаг бæхтæ нæ Цæдеси æма фæсарæйнаг паддзахæдти дæр берæ рауæнти багъудæнцæ, сауæнгæ нæуæг заводтæ аразгæй дæр. Æвдесæнæн фагæ æй айдагъ мæнæ аци еунæг хабар дæр: Краснодари крайи «Пириндзи совхоз-племзавод» Беслæни ци æфситæ балхæдта, уони цæуæт нур цалдæр анзей дæргъи бæсти ипподромти уæлахез кæнунцæ Цæдеси тæккæ номдзуддæр заводти хаст догъонтæбæл. Мадта уæд цæмæннæ бабæй æрбунат кæнуй нæ Ири зæнхæбæл кæдзостог догъонти уæддæр еунæг завод. Беслæйнаги фæнзгæй еуцалдæр анзей фæсте бæсти заводти хæццæ ериси ка бацудайдæ, уæхæн? Ке зæгъун æй гъæуй, уоййасæ æнцон гъуддаг нæй. Фал лæги хузæн лæг, номдзуд поэти загъдау, æхецæн лигъздæр нæдтæ нæ фæййагоруй. Нуртæкки бартæ æма закъонтæмæ гæсгæ уæхæн хæдзарадæ райаразунæн хуæздæр мадзал – кооператив.

Фал кооперативæн урух нæдтæ ка гъæуама ратта? Колхозти, совхозти разамонгутæ абони цæмæдæр гæсгæ 'нцæ цæлхдортæ æвæргути хузæн. Æз фарæ уой кой ракодтон газет «Социалистическая Осетия»-йи. Дзубанди цудæй Лескени кæсгон бæхти хуæрзмуггаг ферми туххæй. Е республики рагæй зундгонд æй Бетрозти Владимир, æ дууæ биццеуи Виталий, Хъазбег æма сæ лимæн Владимир Кремневи фæрци. Уотемæй уонæмæ фермæ подряди раттунбæл совхози директор неци хузи исарази æй, кæд хъæбæр хуарз амæлттæ адтæй, уæддæр… Уотæ ку «тох кæнæн райарæзтбæл», уæд нæ берæ нæбал гъæуй билæй рахаунмæ.

Недзаманти историк Страбон æ киунуги «Скифские древности»-й финста, скифтæ, дан, бæхти 'хсирæй сæнæ кодтонцæ, зæгъгæ. Уотæ рагæй зундгонд æй хъазахтæ, киргизтæ, тæтæр, башкиртæмæ, кумыс (хъумуз) ке хонунцæ, еци сæр-сæр ниуæзтæ. Дууæсæдæ анзей размæ медицинæ исбæлвурд кодта, еци ниуæзтæ адæймаги берæ незтæй ке гъæуай кæнуй æма дзæбæх кæнуй, уой. Нæ бæсти сæдемæй фулдæр ес хъумузæй дзæбæхгæнæг санаторитæ. Айдагъдæр си Кавкази нæма адтæй еу дæр. Хъумузкæнуни фæлварæнтæ мах Бестуати Заури хæццæ райдæдтан 1977 анзи – Хонхи Дæргъæвси 1978 анзи. Æма Мæскуй бунмæ ци хъумузæй дзæбæхгæнæг санатори ес «Мцыри», уой лабораторий дæргъæвсаг хъумуз хъæбæр хуарзбæл банимадтонцæ. Уой фæсте лæвæрд цудæй Фиййагдони æма Хъæрмæдони санаторитæн, фæстæдæр туберкулези нихмæ диспансерæн. Диспансери дохтиртæ куд зæгъунцæ, уотемæй хуарз агъаз кæнуй сæйгитæн. Дæргъæвсаг хъумузи кой адтæй сауæнгæ «Известия»-йи, «Труд»-и, «Медицинская газета»-йи. Æма нæ цума еци æстауæн дзубанди фæццæстуд кодта, уоййау фæнниддæндæр æй куст. Хъобани гъæусовети фудæй нæ бауагътонцæ хъумузи кооператив кæнун…

Сæрмæхæссуйнаг нæй адæми дзæбæх кæнуни мадзал иронхуати фæууадзун. Совхоз «Дæргъæвс»-и разамунд ку фæййагъаз кæна, уæд нæуæгæй райрæздзæнæй хъумузи гъуддаг.

***Аци æрмæг мухургонд æрцудæй журнал «Мах дуг»-и 1990 анзи 10-аг номери.***

***Кæрон. Райдайæн 2025 анзи 49-аг номери, аци анзи 1-3-аг номерти.***

**Дипломатон косæги Бон Уæрæсей бæрæггонд цæудзæнæй 10 феврали. Зæрдиагæй арфæ кæнæн еци къабази косгутæн сæ ахсгиаг фæллæнтти туххæй – берæ арæзгæ си æй дуйней сабуйради сæрбæлтау.**

• *Едва взглянув на пациента, врач с криком выпрыгнул в окно.*

☺ ☺ ☺

• *Вам кофе сразу, после или на фиг?*

• *А больше всех нам бед приносит, тот, кто желает нам добра.*

☺ ☺ ☺

• *Колдунья сбилась с дороги и спрашивает прохожего:*

*– Как добраться до вокзала?*
*– Ты гадалка, а не знаешь дороги! Не можешь погадать?*
*– Мне карты поведали, чтобы я спросила у первого встречного.*

## ЦАРДÆН Æ БÆТТÆНИ КÆРОН КУ ÆРАХÆССАЙ, УÆД ДÆ ÆХУÆДÆГ Æ ФÆДБÆЛ ЛАСДЗÆНÆЙ!..



# ФÆРÆТ ЦУБУР ÆЙ, ФАЛ УÆДДÆР БÆЛАСÆ РАФÆЛДАХУЙ

***Сæргондæн ци загъд исæвардтан, е нин нæ рагфидтæлтæй байзадæй. Æма уотæ балæдæрун дæр æнгъезуй, гъома, адæймагæн æ равгитæ-гæнæнтæ цийфæнди цубуртæгомау ку уонцæ, уæддæр гъæуама исарæхса æ цардиуаги гъуддæгутæ æ зæрди фæндон исаразунмæ. Зæгъæн, куст исамал кæнунæн. Уогæ уомæ дæр алкедæр æхе зæрдихатмæ гæсгæ исарæхсуй. Æма нæ абони æрфарст дæр уой фæдбæл æй.***

**1. Уоййасæбæл неци уæлтæмæн гъуддæгутæмæ бæллун, арази дæн, цийфæнди кусти ниллæуунбæл дæр:**
а) гъо – о
б) нæ – 2

**2. Мæ зæрдæ дарун аккаг куст агоруни ме ’рдхуæрдти æма (кенæ) мæ хæстæгути агъазбæл:**
а) гъо – 0
б) нæ – 2

**3. Бæлвурд мин æй, циуавæр кусти бакосинæ, е:**
а) гъо – 2
б) нæ – 0

**4. Ес мæмæ хуарз ахургонддзийнадæ æма куст уомæ гæсгæ аккаг ку нæ уа, уæд ибæл нæ исарази уодзæнæн:**
а) гъо – 0
б) нæ – 2

**5. Берæ æрмæгутæ кæсун мæ равзурст дæснийади туххæй, архайун еугур нæуæгдзийнæдтæ дæр базонунбæл æма цæттæ дæн мæ арæхстдзийнадæ бæрзонддæр кæнунбæл:**
а) гъо – 2
б) нæ – 0

**6. Тæккæ хуæздæр ба ’й гъæугæ афони гъæугæ рауæни равзурун, æма уæд дæ гъуддæгутæ фæррæстмæ уодзæнæнцæ:**
а) гъо – 0
б) нæ – 2

**7. Федарæй ми е æруагæс кæнуй, æма заманай кустбæл фæххуæст уæн ес айдагъдæр хуарз зонгæдзийнади фæрци:**
а) гъо – 0
б) нæ – 2

**8. Мæнæн сæйрагдæр æй, цæмæй мин куст уа цæмæдесаг æма зæрдæскъæфæн:**
а) гъо – 2
б) нæ – 0

**9. Кусти фæдбæл фиццагидæр гъæуама бæрзонд мизд фист цæуа?**
а) гъо – 0
б) нæ – 2

**10. Хъæбæр ахсгиаг æй хуарз коллективи косун:**
а) гъо – 2
б) нæ – 0

**Нур ба банимайетæ уæ дзуæппитæн аргъгонд баллтæ æма искæнетæ хатдзæгтæ.**

**0-6 балли.** Зæгъун гъæуй уой, æма уæхæн зæрдиуаги хæццæ дин нуртæккæ зин уодзæнæй кустбæл фæххуæст ун. Куст агоруни гъуддагмæ бæрнондæрæй кæсæ, уомæн æма уой дæхе туххæй кæнис. Еума хатт расагъæс кæнæ, ци бантæсунмæ бæллис, уобæл. Фулдæр нифс æма гъæддухдзийнадæ!.. Æма уæд, ка ’й зонуй, райгонд уодзæнæ дæ баскъуæлхт хатдзæгтæй.

**8-12 балли.** Уæ алфамбулай ка ’й, уонæбæл уæ зæрдæ хаттæй-хатт бæргæ фæддаретæ æма уин уомæй ку неци пайда рауайуй, уæд хъæбæр багузавæ кæнетæ. Фал дæ е гъæуама æгириддæр ма фæкъкъех кæна. Дæхе фæффедар кæнæ, дæ бон æй еунæгæй дæр дæ гъуддæгутæ дæр фæндон исаразун. Ма тæрсетæ сауæнгæ нецæйййаг кустæй райдайун дæр – уой рагафонбæл банимайæ. Иронх ди ма уæд е дæр, æма цийфæнди над дæр райдайуй фиццаг къахдзæфæй.

**14-20 балли.** Зæгъун æнгъезуй, æма куст агоруни гъуддагмæ хъæбæр бæрнонæй кæсис. Уомæн кустдæттæг дæр æнæмæнгæ искæндзæнæй гъæугæ аргъ. Разæнгард уо æма дæ ескæми кустмæ ку нæ райсонцæ, уæддæр дæ къохтæ æгириддæр ма ’руадзæ. Разиннæд дæмæ бухсундзийнадæ æма федар уодигъæдæ, æма уæд дæ фæндон хатдзæг зæрдæмæдзæугæй дæ хай фæууодзæнæй.

## ЦÆМÆН ДЗОРÆН УОТÆ

### БÆРОЙТИ НАСИ ХУЗÆН НИННÆРСТÆЙ

Раги кæддæр, дан, Бæройтæ сæ уæтæрти фарсмæ минкъий дзæхæра искодтонцæ. Советон доги Иристони фулдæр хæдзарæдти фермити фарсмæ дæр конд адтæй уæхæн дзæхæратæ. Аразтонцæ си гъæдзиндзæ, бодæн, картоф, хъæдорæ, нартихуар. Бæройтæ дæр сæ уæтæри фарсмæ дзæхæрай алли халсартæ байтудтонцæ, уони хæццæ нæстæ дæр. Гъæцæнтæй, донæй æфсес мæрæбæл уотæ дзæбæх æрзадæнцæ, æма си еу уæрдуни дæр нæбал цудæй. Гъæумæ ’й ку æрбаластонцæ, уæд ибæл сæхуæдтæ куд дес æма цийнæ кодтонцæ, уомæй дессагдæр ба фæцæй синхбæстæн. Æма уайтæкки хабар æнæгъæнæ гъæубæл райгъустæй. Адæм имæ уинунмæ цудæнцæ.

Уæдæй фæстæмæ æгæр ка исхуæрзхуз уй, уомæй фæззæгъунцæ: «Бæройти наси хузæн ниннæрстæ».



### «ДÆ ТУНÆ ДÆ КЪОХ ИССИРДТА»

Уотæ фæззæгъунцæ, ескæмæн ести æфстау ку раттай æма æрæгиау дæ къохи ку бафтуйа, уæд. Аци дзурдбаст нæмæ æрбацудæй Нарти кадæнгитæй. Цæветтонгæ, Сирдон еу лæгæй тунæ ихæсгинæй байзадæй. Цубуркъох лæг адтæй Нарти Сирдон æма, æ ихæс цæмæй бафистайдæ, уомæн ин фадуат нæ адтæй. Еудадзуг ин æмгъудтæ, рæуæнттæ кодта.

Ихæсдæттæг бабæй æй еу æмгъуди фæсте байагурдта. «Ами нæй, – загътонцæ ин хæдзари. – Далæ гъæугæрон донхуæрæн къахуй». Рандæй гъæугæронмæ. Сирдон, мæ тунæ мин, зæгъгæ, ин ку загъта, уæд ин е дæр уотæ: «Æз дæр дæу кой кæнун. Донхуæрæн искъахдзæнæн, дон имæ бауадздзæнæн, æ билтæбæл ин синдзæ ниссадздзæнæн. Фонс, хонхмæ цæугæй, хуæнхтæй æздæхгæй, синдзитæбæл сæхе хафдзæнæнцæ, сæ гъун синдзитæбæл байзайдзæнæй. Еци цъопп æз æрæмбурд кæндзæнæн, тунæ бауафдзæнæн æма дин дæ ихæс бафеддзæнæн».

Ха-ха-ха, – зæгъгæ, ихæсдæттæг ниххудтæй æ гъæлæсидзаг.

– Цæмæннæ ходай? – загъта Сирдон, – дæ тунæ дæ къох иссирдта.

Уоййадæбæл ихæсдæттæг æ къох ракъуæрдта æма рандæй æ хæдзарæмæ.

## ДОСУГ

**Вспомните уютные вечера, когда вся семья собиралась у экрана, чтобы посмотреть любимый советский фильм...**

**Эти картины давно стали частью нашей культуры, а фразы из них – частью нашей речи. Предлагаем вам небольшое путешествие в прошлое – викторину, которая проверит, насколько хорошо вы помните те самые фильмы и те самые крылатые фразы!**

**1. «Птичку жалко!»**
а) «Операция «Ы» и другие приключения Шурика»
б) «Кавказская пленница, или Новые приключения Шурика»
в) «Белое солнце пустыни»

**2. «А то я тебе оторву голову и скажу, что так и было!»**
а) «Карнавальная ночь»
б) «Афоня»
в) «Свадьба в Малиновке»

**3. «Людк, а Людк! Глянь, какая коза!»**
а) «Любовь и голуби»
б) «Девчата»
в) «Москва слезам не верит»

**4. «Чтоб ты жил на одну зарплату!»**
а) «Мимино»
б) «Гараж»
в) «Бриллиантовая рука»

**5. «Танцуют все!»**
а) «Девчата»
б) «Иван Васильевич меняет профессию»
в) «Карнавальная ночь»

**6. «Это вам не мелочь по карманам тырить!»**
а) «Джентльмены удачи»
б) «Место встречи изменить нельзя»
в) «Бриллиантовая рука»

**7. «Да на тебе пахать надо!»**
а) «Жестокий романс»
б) «Служебный роман»
в) «По секрету всему свету»

**8. «Я три дня гналась за вами. Да! Чтобы сказать, как вы мне безразличны!».**
а) «Тот самый, Мюнхгаузен»
б) «Формула любви»
в) «Обыкновенное чудо»

**9. «Вот иду я красивая по улице, а все встречные ребята так и столбенеют, а которые послабее так и падают, падают, падают. И сами собой в штабеля укладываются!»**
а) «Королева бензоколонки»
б) «Женатый холостяк»
в) «Девчата»

**10. «Господин назначил меня любимой женой!»**
а) «Белое солнце пустыни»
б) «Женя, Женечка и «Катюша»
в) «Звезда пленительного счастья»

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службæ Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **575.** Заказ **№ 223.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 06.02.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 06.02.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**